# *Mbaam Wéq Na Doomam Waaye Bañu Ko*

**Tagati:** Nu dem, wante Yàlla baax na.

Waaw, Mareem! Mareem taxawal. Fàtte naa la wax démb Mareem.

**Mareem:** Lu xew ?

**Tagati:** Sama aniwerseer démb la woon. Sama yaay! Dama ñów, lu mu ma defarul amul, Mareem.

Bonbon, *chips* ak benn *ordinateur* fowukaayu kër boo xamante ne...

Mareem bii ci la bokk. Xoolal !

**Mareem:** Garaawul, Tagati!

**Tagati:** Mareem, xoolal!

**Mareem:** Garaawul, yow de, danga mel ne ku may ñaawal, Tagati.

**Tagati:** Lan moo tax?

**Mareem:** Gis nga man! Sama aniwerseer bi mu ñówee, bi ma ko waxee sama yaay, xam nga lan la ma wax?

**Tagati:** Lan la wax?

**Mareem:** Fekkeel déwén.

**Tagati:** Yow sa yaay mag la, xam naa daa ko amul rek moo tax.

**Mareem:** Du afeeru mag de, sama yaay man rek la bañ, Tagati.

**Tagati:** Mareem kenn du jur sa doom bañ ko, sa yaay bañu la, daa ko amul rek moo tax.

**Mareem:** Suma la ko waxee, danga ma war a gëm.

**Tagati:** Mareem, loolu du dara.

© Boston University

**Mareem:** Xam nga Tagati, yow! Man, ban *heure* laay ...?

Nii. Gis nga guddi, balaa may tëddi, Tagati, dinaa bale, jàng samay lesoŋ ba pare sog a tëdd.

**Tagati:** Bale! Man dey Mareem, bu guddee sama yaay day ànd ak man *Brioche Dorée** lu ma bëgg rek dafa ma koy jox, ma lekk ba suur.

**Mareem:** Xam nga man ban *heure* lañu may yee, Tagati, lu ma si gën a metti!

**Tagati:** Ban *heure*?

**Mareem:** *Cinq heures du matin*.

**Tagati:** Ma wax la man, léég-léég duma sax jàngi, sama yaay moo ne ma noppalikul.

**Mareem:** Te man maay raxas, bale, fobeere sog a jàngi.

**Tagati:** Waaw, Mareem loolu du dara. Àppare dinaa wax sama yaay ne ko, mu wax sa yaay mu may ma la, nga ñów suñu kër nga nekk foofu ci man.

**Mareem:** Kon duma ko gëmee nak, Tagati.

**Tagati:** Dina ka am. Waaye kaay ñu dem ñu xooli *résultats* yi war naa génn, yow Mareem.

**Mareem:** Lu ñuy xooli nde esuma sax.

**Tagati:** Yàlla baax na Mareem, ñu dem ñu xooli *résultats* yi.

*[Yaayu Mareem a ngi koy xaar ci biir kër gi]*

**Aysatu:** Mareem, ñówagut ba tey!

**Mareem:** Yaay! Yaay! Ee yaay am naa yaay!

**Aysatu:** Ee *alhamdulilaahi rabbil aalamin*, *alhamdulilaahi rabbil aalamin*!

**Mareem:** Ku ma waxoon dinaa am yaay, duma ko gëm.

**Aysatu:** Waaw, toogal, toogal! *Alhamdulilaahi*!

Sànq ba tey, fi ma toog samam xel dalul. Te xam nga ne lii, jombu la woon.

*Brioche Dorée is a chain of bakery and pastry shops in Dakar.

Li ma la daan def yépp di la yee c*inq heures du matin*, ma naan la jógal nga liggééy nga jàng, lii rek laa la bëggaloon.

Te xam nga ne mere woon naa la, say *résultats* yu njëkk yi baaxul woon.

Merewoon naa la kat. Waaye nak, njuuma wéq na doomam waaye bañu ko. Lii rek laa la bëggaloon moo tax ma la daan topp jógal nga jàng, jógal nga jàng. Lii rek laa la bëggaloon.

**Mareem:** Waaye yaay! Lu ma si metti, Tagati amul yaay!

**Aysatu:** Amul!

**Mareem:** Déédéét!

**Aysatu:** Aa, Tagati moom ñaanal naa ko puur mu am. Waaye yaayam tam it yaakaar naa ni kooku dañu ko yar ak sagoom.

Yaayam am na si *part de responsabilité*.

Ma bañoon rek tam it ñu ne yow kese si kër gi, dañu ko yar ak sagoom kom Tagati ni ko yaayam yare ak sagoom rek.

Mënoon naa la bàyyi nga mel ne Tagati waaye bëgg nga am lu baax moo tax ma la daan sonnal naan "jàngal, jàngal."

Xam nga ne bés bii rek laa la bëggaloon.

**Mareem:** Yaay kontaan naa de!

**Aysatu:** Yow man maa la gën a kontaan. Lii du sa ndam. Sama ndam la man mii. Bu ñuy wax, doomi diw lañuy wax, sama ndam la man!

Waaye yow, ca kanam rek nga jëm. Fii ak yaa ngi topp si samay waaw moom, di dégg samay waaw, si kanam rek nga jëm.

Jógal ñu dem, tey moom loo bëgg ma defal la ko.

**Mareem:** Yaa ko wax de!

**Aysatu:** Ci kanam rek! Yow kaay, lu ma la wax dee ko def rek, doo mësa dellu ginnaaw.